



Sa ou Dwe Konnen sou:

Kari Dantè, Prevansyon ak Oumenm

Defann Sante Pa WI!

- Avantaj Medicaid ou yo gen ladan yo yon pwoteksyon asirans dantè.
- Sèvi ak avantaj swen pou dan ou yo pou ede w gen yon bouch ki an sante.

Avantaj Medicaid sa yo ka ede ou fè prevansyon kont kari dantè:

- Woutin **egzamen, radyografi ak netwayaj**
- Fliyò siplemantè, tankou:
 - Yon **preskripsyon pou fliyò** si w ap viv nan yon kominote ki pa gen fliyò.
 - **Vèni fliyò** (yo pentire sou dan yo pou pwoteje yo kont kari)
 - **Jèl oswa kim fliyò** (yo mete nan yon plato ke yo mete nan bouch la pandan plizyè minit)
 - Fliyò dyamin ajan (yo pentire sou dan an pou l sispann gen kari)
- **Selan dantè** (yon kouch yo aplike sou dan dèyè yo kote kari yo souvan kòmanse).

Si ou gen kesyon sou fason pou w itilize avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki sou kat Medicaid ou an.

KONPRANN KISA KARI DANTÈ A YE

Èske ou te konnen...?

- Moun gen kari dantè akòz PLAK yo. Plak la se yon kouch bakteri mou, kolan ki ka bati sou dan an.
- Bakteri ki nan bouch ou yo nourri ak sik epi yo kreye asid. Asid la kraze kouch ekstèn dan an. Sa lakòz kari dantè.
- Kari dantè ka bay bouch ou move sant, doulè, enfeksyon epi w ka pèdi dan w.
- Kari dantè se maladi ki pi komen ke yon moun ka evite Ozetazini.

FÈ PREVANSYON KONT KARI DANTÈ

Kisa ou kapab fè?



Elimine PLAK la! Bwose dan yo 2 fwa pa jou avèk yon pat dantifris ki gen fliyò.



Netwaye oswa pase fil dantè nan fant dan ou chak jou.



Vizite dantis ou regilyèman pou w ka fè egzamen woutin, radyografi ak netwayaj.



Diskite ak doktè ou.

- Fliyò siplemantè pou ranfòse dan ou.
- Selan dantè pou pwoteje dan ou kont kari.